

 <p><b>TUSD</b> Tucson Unified School District Tucson, Arizona</p> <p><b>POLICY REGULATION</b></p>	UMUTWE W'ITEGEKO : Kunyuzura
	KODE: JICFA - R

Umuntu urega canke widodomba ku bijanye no kunyuzura agomba kurega canke akidodomba ku mutegetsu w'ishuri canke ku mukuzi w'umuhinga adaciye ahandi. Umukozi w'umuhinga wakira ikirego/umwidodomba agomba gufata bikwiriye ido n'ido kuwurega kugirango yuzuze irupapuro rwagenewe ibintu nk'ivyo. Vyibura ikirego/umwidodomba bigomba kwandikwa harimo amakuru aranga uwurega, n'uko amazina yanditse neza, ahantu n'imyanya kugirango itohoza rishobore gukorwa. Igihe umukozi w'umuhinga aronse amakuru, umukozi azorungika ikirego k'umutegetsu w'ishuri canke umutegetsu mukuru bitarenze umunsi ukurikira w'ishuri kuva umunsi umukozi yaronkeye ikirego/umwidodomba.

Ikirego/umwidodomba bizotohozwa n'umutegetsu w'ishuri canke umutegetsu mukuru. Abategetsu b'itohoza bagomba kuzirikana ko umwidodomba wo kunyuzura, hagomba kandi no gushiramo kwica amategeko y'inama y'ubutegetsu yo kutagira amacakubiri ashingiye ku bumuga, ubwoko, ibara, imyemerere y'idini, igitsina, abahuza ibitsina bisa, igitsina wiyumvamo canke werekana, imyaka, canke igihugu ukomokamo. Amatohoza y'imyidodomba ashobora kuba ari ay'amacakubiri na/canke gusindira bishingiye ku macakubiri azokorwa hakurikijwe ingingo z'itegeko AC-R – Uburyo bwo Kwidodomba ku Macakubiri.

Ku myidodomba itari iy'amacakubiri canke gusindira vy'amacakubiri, ingingo zo gukurikizwa ni:

- Itohoza ry'ikirego c'ingorane canke igikorwa rigomba gukorwa mu minsi cumi (10) y'amashuri mu gihe amashuri yuguruye canke mu minsi cumitanu (15) mu gihe ibiro vy'amashuri bikora ariko amashuri yugaye. Kwongera umwanya bigomba kuba gusa iyo bikenewe nkuko vyemejwe n'Umutegetsu Mukuru (Superintendent)
- Uwutohoza azohura n'umuntu wareze/yidodombye ku gihe canke imbere y'umwanya kandi azovugana ku myanzuro n'ivyemezo vyo gufata nk'ibyavuye mw'itohoza. Ibanga ku vyanditswe n'amakuru aranga umunyeshuri bizosuzumwa mu buryo bwo gukora raporo nkiyo.
- Uwutohoza azotegura raporo yanditse y'ivyagaragaye na kopi ya raporo izotangwa ku Mutegetsu Mukuru (Superintendent).
- Raporo yanditse y'ivyagaragaye izotangwa k'uwatanze ikirego.
- Aho ibihano bikenewe, amategeko y'Intara azokurikizwa

Vyakozwe:  
Gusubiramo:  
Vyavywe bushasha:  
Vyavywe bushasha:

**Legal Ref:**  
**Cross Ref**